



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE PLAN POU NOUVO KONPLÈKS LOJMAN ABÒDAB NAN FLATBUSH NAN KAD INISYATIV 1.4 MILYA DOLA VITAL BROOKLYN LAN

Bilding ki gen 291 inite apatman an pral akeyi fanmi ak moun ki bezwen sèvis sipò sou plas

Devlopman Fè Pati Angajman Gouvènè a Pou Kreye 4,000 Inite Lojman Abòdab nan Brooklyn Santral

Reprezantasyon Grafik yo Disponib [Isit La](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plan pou Clarkson Estates, dènye pwopozisyon ganyan nan kad Inisyativ Vital Brooklyn lan (Vital Brooklyn Initiative) ki pral konstwi 291 apatman abòdab ak ki bay sipò, nan katye Flatbush. Inisyativ Vital Brooklyn ki evalye a 1.4 milya dola vize ak investi nan uit zòn entegre, soti nan swen sante pou rive nan lojman, etabli yon nouvo estanda pou adrese diferans ekonomik kwonik ak rasyal nan kominote ki gen anpil bezwen nan Brooklyn yo.

"Pandan pandemi an kreye gwo difikilte pou Nouyòkè yo, li pi enpòtan ke jamè pou nou elaji aksè ak lojman san danje, abòdab pandan moman difisil sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a pral lakòz apeprè 300 nouvo inite lojman abòdab ak ki bay sipò, ki pral ede plizyè santèn nan zanmi ak vwazen nou yo nan Brooklyn Santral, epi Eta a pral kontinye jwenn fason pou sipòte Nouyòkè yo ki bezwen sa plis pandan n ap adrese difikilte san parèy yo jodi a."

Clarkson Estates, ke CAMBA Housing Ventures ap konstwi, pral gen 291 apatman abòdab pou fanmi ak moun epi mwaye apatman yo - 146 inite - pral rezève pou jèn k ap atenn laj pou kite fanmi dakèy, moun ki te nan prizon anvan sa, ak jèn granmoun ki te sanzabri. Sèvis sipò sou plas ke CAMBA ofri yo pral gen yon rezo konplè avantaj ki pral ajoute ki disponib pou pi gwo kominote a nan "SANT" 30,000 pye kare konplèks la. Anpil nan etablisman SANT Kominotè a pral ouvri pou piblik la ak ede ankouraje angajman kominotè.

Resous ki disponib nan SANT lan gen ladan:

- Sèvis gadri;

- Sant depistaj sante;
- Enkibatè sèvis ti biznis ak fòmasyon mendèv;
- Prevansyon vyolans ak sant medyasyon;
- Edikasyon pou jèn ak sant devlopman;
- Sant fòmasyon teknolojik ki gen ladan edikasyon ak kou sou finans pou granmoun;
- Estidyo anrejistreman ak repetisyon, ak espas pou pèfòme;
- Teren baskètbòl nan bon dimansyon pou itilizasyon ak aksè kominote jeneral la, lig baskètbòl konpetitif ak evènman kominotè;
- Gad manje ak kafe; epi
- Estidyo konsepsyon ak espas ekspozisyon

SANT lan pral nonmen ak dedye pou memwa Doktè Roy A. Hastick, yon lidè biznis ki gen talan, atansyon ak vizyonè ki mouri nan COVID-19 nan mwa avril. Doktè Hastick te dedye tan li pou sante kominote a nan Brooklyn ak dyaspora Karayib la, nan fonde Chanm Komès ak Endistri Ameriken Karayib (Caribbean American Chamber of Commerce and Industry, Inc., CACCI) epi te reyalize plis pase 600 semèn pou ti biznis nan avantaj kominote a.

Fanmi Hastick te deklare, "Doktè Roy A. Hastick Sr., se te yon nonm anpil sajès avèk yon lespri pou bay ak yon vokasyon pou ede lòt. Tout bagay li te kreye ak reyalize se te toujou pou avansman kominote li a. Kominote li a te defini pa nenpòt kote li te ye nan moman an. Li nòmal ke sant kominotè entè-jenerasyonèl la pote non li. Se espwa fanmi nou ke tout moun ki benefisye pwojè sa a ap adopte menm atribi li te defann epi tounen bay kominote nou an, sa ki pral ede rann li pi bon. Mèsi, Gouvènè Andrew Cuomo, Manm Komisyon/Direktè Jeneral RuthAnne Visnauskas, Fanm Manm Asanble Diana Richardson, Sentaè Zellnor Myrie ak kominote Flatbush dèske yo te sonje lavi, travay ak patrimwàn mari nou an, papa ak lidè kominotè".

Clarkson Estates pral konstwi sou yon mòso teren ki rele "Sit L" ki se tè Fondasyon Sant Sante Syans nan Brooklyn (Health Science Center at Brooklyn Foundation) aktyèlman posede. Bilding lan pral gen ladan tou yon garaj pakin nan sousòl ki gen 80 espas paking pou rezidan ak moun yo itilize nan sant kominotè yo nan SANT lan.

Enstalasyon sou sit yo pou rezidan pral gen ladan sal lesiv, sèvis sipò ak espas jesyon dosye, sal egzèsis fizik, yon kwizin prepare, bibliyotè, sal enfòmasyon, depo bisiklè ak yon sal kominotè. Anplis de sa, ap gen yon pwen depo CSA pou fwi ak legim fre pou rezidan yo ak yon Sant Depistaj Sante ak Lakay pou bay enfimiyè yo vizit ak depistaj sante.

Anplis de sa, Clarkson Estates kalifye pou Sètifikasyon Enterprise Green Communities epi satisfè estanda pwogram miltifamilyal ki gen plizyè etaj ENERGY STAR pou satisfè kondisyon Inisyatiiv sou Obligasyon pou Klima (Climate Bond Initiative). Do kay vèt ak pano solè konplèks yo kontribiye nan sante kominotè ak endividyèl. Yo pral bay Wi-Fi gratis tou nan tout batiman an pou rezidan ak vizitè yo, ki se yon karakteristik prensipal

nan angajman Inisyativ Vital Brooklyn lan pou ogmante aksè ak entènèt atravè Brooklyn Santral.

Eleman konsepsyon aktiv konplèks la gen ladan espas anplennè pou jadinaj, zòn pou timoun jwe, ak rekreyasyon pasif ansanm ak pwogram aktivite fizik anplennè. Fenèt ak vitraj ki gen bon longè atravè bilding lan pral pote limyè nan zòn komen yo, ak atizay ak koulè pral amelyore eskalye yo k ap ankouraje rezidan yo fè egzèsis. Espas pa deyò nan sousòl pa dèyè bilding lan pral gen ladan yon lakou peyizaje ki gen yon jaden seren, yon pwomnad nan bwa, yon teren an gazon, syèj komen ak yon espas pou timoun jwe.

Teras pa anlè a ak jaden kominotè a pral gen espas pou rasanbleman ak jadinaj kominotè. Bilding lan te repati yon kavite twa pye pou founi plant ak syèj nan lari a epi pou aktive pasrèl pyeton an. Pyebwa yo pral plante toupatou.

Anons jodi a ajoute sèt pwopozisyon ganyan ke Gouvènè a te anonse anvan sa.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal) la, te deklare, "Clarkson Estates se yon konplèks ki vreman eksitan ki pral pote 291 kay abòdab ak yon gwo sant resous katye konplè 30,000 pye kare pou kominote Flatbush la. Sèvis sipò sou plas CAMBA ofri yo pral ede 146 fanmi ki gen risk pa gen aksè ak kay, swen sante, fòmasyon pou travay, ak gadri anndan pwòp bilding lan. Avèk devastasyon kontinyèl ke pandemi COVID-19 la lakòz, nou rekonesan tou pou Gouvènè Cuomo, responsab ofisyèl ak patnè nou yo k ap fè pwojè sa avanse, sa ki pral ede konble mank nan resous nan Brooklyn Santral".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Opòtinite travay ak inisyativ sou finans ki bay nan SANT Kominotè nan Clarkson Estates pa sèlman reflekte angajman Gouvènè Cuomo konsènan estrateji devlopman ekonomik nan kominote a k ap monte, men tou pral onore Doktè Roy Hastick ak garanti travay li dire nan kominote Brooklyn yo kote li te dedye".

Senatè Zellnor Myrie te deklare, "Enpak COVID nan kominote nou yo, espesyalman distri mwen an, te agrave pwoblèm ke twòp rezidan gen difikilte avèk- lojman, swen sante, sèvis sosyal ak aksè ak komès ak rekreyasyon. Clarkson Estates pral ede sitwayen ki plis vilnerab nou yo pou retabli nan pandemi sa a ak kreye chanjman jenerasyonèl pou Brooklyn Santral. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo, Komisè Visnauskas ak ekip li nan HCR, epi pil patnè nou yo k ap pèmèt pwojè sa tounen yon reyalite".

Manm Asanble Diana Richardson te deklare, "Youn nan pi gwo difikilte nou fè fas nan Brooklyn Santral se asire rezidan nou yo gen aksè ak lojman san danje ak abòdab. Kriz COVID la te frape kominote nou an pi di epi te mete a klè inegalite nan sistèm swen sante nou ak rezo sekirite sosyal la. Inisyativ Vital Brooklyn lan chèche abòde

pwoblèm sistemik sa yo nan kreye konplèks abòdab ak dirab tankou Clarkson Estates. Pwojè sa inik akòz nou pral pote pa sèlman lojman abòdab ki nesèsè anpil nan kominote nou an, men tou yon espas sant kominote dènye kri. Sant Kominote Doktè Roy A. Hastick Sr. la pral bay anpil sèvis ki gen ladan gadri, devlopman mendèv ak yon enkibatè ti biznis. Mwen vle remèsye Komisè Visnauskas ak ekip li a nan HCR pou travay dilijan yo ak, pi enpòtan ankò, rezidan nan 43yèm Distri Asanble pou opinyon ak sipò yo nan pwosesis sa a. Patenarya nou avèk Gouvènè Cuomo pral kreye yon pwojè anblematik ki pral gen yon enpak dirab sou kominote nou an pou plizyè deseni ki gen pou vini".

Joanne M. Oplustil, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, CAMBA/CAMBA Housing Ventures, Inc. te deklare, "CAMBA Housing Ventures, Inc. ak CAMBA, Inc. onore ak rekonesan dèske yo resevwa Sit L/329 Clarkson Avenue, nan kad dezyèm faz Inisyativ Vital Brooklyn sa a. Bezwen kominote a pou opsyon elaji pou aksè ak swen sante, lojman abòdab yon fason pèmanan, manje lokal ak espas anplennè yo pa te janm osi evidan konsa. Vizyon pou konplèks sa a se kreye opòtinite lojman ekitab ki an retou kreye yon lavni pi ekitab pou Flatbush. Lojman se yon bagay fondamantal pou estabilite epi avèk konplèks dirab, abòdab ak ki bay sipò sa a, nou vize bay kominote a pi bon resous pou yon pi bon demen".

Revitalize Brooklyn Santral

Brooklyn Santral se youn pami zòn ki pi defavorize nan tout Eta New York la. Rezidan yo eksperimente to pwoblèm sante ki pi elve; aksè limite ak manje ki an sante oswa opòtinite pou aktivite fizik; ak to vyolans ak krim elve. Brooklyn Santral afekte tou ak gwo disparite ekonomik akòz chomaj, nivo povrete elve ak aksè ensifizan pou bon jan kalite swen sante.

Anons jodi a ajoute sou sis pwopozisyon gànyan Gouvènè a te anonse anvan sa yo nan mwa novanm 2018, desanm 2019, ak janvye 2020. Ansanm, devlopman sa yo pral fè vanse angajman inisyativ Vital Brooklyn lan pran pou konstwi 4,000 lojman abòdab nan Brooklyn Santral. Chak nan pwopozisyon gànyan yo enkòpore sèvis sosyal, medikal ak kominote; opòtinite lwazi ak edikasyon; ak sèvis apatman ak sipò pou moun ki andikape sou plan devlopman, moun ki aje andeyò swen adoptif, ak fanmi sanzabri kwonik yo.

Enfòmasyon sou Inisyativ Vital Brooklyn lan

Gouvènè a te lanse Inisyativ Vital Brooklyn lan nan prentan 2017 pou adrese seri disparite yo ki afekte rezidan Brooklyn yo ak pou kreye yon nouvo modèl pou devlopman kominote ak byennèt nan kominote yo ki pi vilnerab nan Brooklyn.

Après, Gouvènè a te mete chak Manm Asanble Brooklyn Santral responsab pou yo konvoke yon Konsèy Konsiltatif Kominote (Community Advisory Council) k ap gen ladan lidè kominote yo, ekspè lokal yo, defansè yo, ak lòt aktè yo pou konsidere bezwen inik ak opòtinite nan distri pa yo, epi pou devlope solisyon alontèm. Senatè Eta a ki

reprezante kèk pati nan Brooklyn Santral la yo te angaje aktivman nan pwosesis la tou.
Yon total 25 reyinyon kominotè te rasanble prèske 100 aktè kominotè kle yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)